

### BAB III

## MÉTODE PANALUNGTIKAN

### 3.1 Désain Panalungtikan

Dina ieu panalungtikan ngagunakeun pamarekan kuantitatif, kalawan métode kuasi ékspérimén. Métode kuasi ékspérimén mangrupa métode panalungtikan anu sipatna téh semi ékspérimén, sabab variabel nu kuduna dikontrol tapi henteu kakontrol, balukarna validitas panalungtikan teu nyukupan kana ékspérimén murni.

Dumasar kana métode panalungtikan, désain dina ieu panalungtikan ngagunakeun métode kuasi ékspérimén kalawan désain one group pre test jeung post test. Désainna bisa digambarkeun saperti di handap :

**Tabél 3.1**

O1	X	O2
----	---	----

(Arikunto, 2013)

Katerangan:

O1 = *Pre-test* (kamampuh nulis aksara Sunda saméméh ngagunakeun modél *explicit instruction*)

X = *Treatment* (diajar nulis aksara Sunda ngagunakeun modél *explicit instruction*)

O2 = *Post-test* (kamampuh nulis aksara Sunda sabada ngagunakeun modél *explicit instruction*)

Tés dilaksanakeun dua kali, saméméh jeung sabada ékspérimén. *Pre-test* dilakukeun pikeun mikanyaho kamampuh awal siswa saméméh lumangsungna *treatment* (pangajaran anu ngagunakeun modél *explicit instruction*) sedengkeun post-test dilaksanakeun pikeun mikanyaho kamampuh ahir siswa sabada ngagunakeun *treatment* (pangajaran anu ngagunakeun model *explicit instruction*). Ku lantaran kitu bisa apal hasil tina *treatment*, sarta bisa ngabandingkeun kumaha hasilna ngaronjat atawa henteu.

Fitria Shofiyati Wahyuni, 2023

MODÉL *EXPLICIT INSTRUCTION* DINA PANGAJARAN NULIS AKSARA SUNDA (Studi Kuasi Ékspérimén ka Siswa Kelas X-6 di SMA Negeri 15 Bandung Taun Ajar 2022/2023)

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

### 3.2 Data Kamampuh Nulis Aksara Sunda

Dina néang sumber datana ngagunakeun tiori (Arikunto 2013: 172) anu nétélakeun yén sumber data nya éta subjék anu ngahasilkeun hiji data atawa ti mana data bisa dicangking. Data dina ieu panalungtikan nya éta kamampuh siswa nulis aksara Sunda kelas X-6 di SMA Negeri 15 Bandung. Sumber data dina ieu panalungtikan nya éta siswa kelas X-6 di SMA Negeri 15 Bandung Taun Ajaran 2022/2023. Jumlah siswa aya 34 urang, nyaéta 20 urang awéwé jeung 14 urang siswa lalaki. Anu lokasina di Jalan Sarimanis No. 1, Sarijadi, Kecamatan Sukasari, Kota Bandung, Jawa Barat. Data dina ieu panalungtikan téh nya éta nulis aksara Sunda.

<b>Wanda Baga</b>	<b>Jumlah Siswa</b>
Lalaki	14
Awéwé	20
Jumlah Sakabéh Siswa : 34	

*Tabél 3.2*

*Jumlah Siswa Kelas X-6 SMA Negeri 15 Bandung*

### 3.3 Prosedur Panalungtikan

Prosedur ieu panalungtikan téh nétélakeun sababaraha léngkah-léngkah anu bakal dilaksanakeun dina panalungtikan, nyaéta

- 1) Masalah anu karandapan dina pangajaran nulis aksara Sunda

Saméméh dilaksanakeun ieu panalungtikan, diayakeun wawancara ka guru basa Sunda di SMA Negeri 15 Bandung ngeunaan pasualan nu karandapan di kelas nalika nepikeun bahan ajar nulis aksara Sunda, hususna di kelas X-6 luyu jeung kurikulum nu dipaké.

- 2) Rumusan Masalah

Sabada ngaidéntifikasi masalah, léngkah satuluyna nya éta ngarumuskeun masalah dumasar kana pasualan anu karandapan. Masalah anu karandapan nya éta, kamampuh nulis aksara Sunda di kelas X-6 SMA Negeri 15 Bandung.

### 3) Raraga Tiori

Sabada ngarumuskeun masalah, tuluy panalungtik nangtukeun tiori anu bisa ngarojong kana ieu panalungtikan.

### 4) Ngarumuskeun Hipotésis

Sabada nangtukeun tiori, tuluy ngarumuskeun hipotésis. Hipotésis nya éta jawaban anu sipatna *sementara* pikeun pasualan panalungtikan anu baris kabuktian jawabanna ngaliwatan data anu geus kakumpulkeun.

### 5) Ngarumuskeun Instrumén Panalungtikan

Sabada ngarumuskeun hipotésis, tuluy panalungtik ngarumuskeun instrumén panalungtikan anu digunakeun nalika panalungtikan, nya éta mangrupa soal *pre-test* jeung *post-test* nulis aksara Sunda.

### 6) Ngumpulkeun Data (*pre-test, treatment, post-test*)

Sanggeus kapanggih masalah anu aya di SMA Negeri 15 Bandung Kelas X-6 Taun Ajaran 2022/2023, tuluy ngalaksanakeun panalungtikan ka kelas anu fungsina pikeun ngumpulkeun data. Téknik anu dipaké pikeun ngumpulkeun data dina ieu panalungtikan nya éta téknik tés. Tés dilaksanakeun dua kali, saméméh jeung sabada ngagunakeun modél pangajaran *Explicit Instruction*. Kamampuh awal dilakukeun saméméh *treatment*, anu miboga tujuan pikeun mikanyaho kamampuh nulis aksara Sunda saméméh ngagunakeun modél pangajaran *Explicit Instruction*. Kamampuh sabada dilakukeun *treatment* anu tujuanna pikeun mikanyaho kamampuh nulis aksara Sunda sabada ngagunakeun modél pangajaran *Explicit Instruction*.


### 7) Analisis Data

Data anu dikumpulkeun ngaliwatan tés anu dilaksanakeun ka siswa satuluyna dianalisis ngagunakeun rumus-rumus statistik ngaliwatan aplikasi *SPSS PASW (Statistical Product and Service Solution)* versi 26.

### 8) Nyieun Laporan

Sabada panalungtik ngalaksanakeun sakabéh Prosedur panalungtikan, tuluy panalungtik nyusun laporan hasil tina panalungtikanna.

Sangkan leuwih jéntré, Prosedur panalungtikan digambarkeun dina bagan ieu di handap.



Bagan 3.1 Prosedur Panalungtikan

### 3.4 Téknik Ngumpulkeun Data

Téknik ngumpulkeun data anu digunakeun dina ieu panalungtikan nyaéta téhnik tés. Léngkah-léngkah nu dilaksanakeun dina téhnik ngumpulkeun data nyaéta

- 1) ngalaksanakeun prosés pangajaran nulis aksara Sunda teu make modél pangajaran *explicit instruction*;
- 2) siswa migawé pancén nulis aksara Sunda pikeun mikanyaho kamampuh awal siswa;

- 3) nataharkeun pakakas nu rék dipaké dina modél pangajaran *explicit instruction*;
- 4) ngalaksanakeun prosés pangajaran nulis aksara Sunda maké modél pangajaran *explicit instruction*;
- 5) ngalaksanakeun *post test* pikeun mikanyaho kamampuh siswa sanggeus dibéré *treatment* naha ngaronjat atawa henteu.

### 3.5 Instrumén Panalungtikan

Instrumén panalungtikan nyaéta alat atawa fasilitas nu digunakeun dina ngumpulkeun data. Instrumén nu dipaké dina ieu panalungtikan nyaéta tés. Tés nyaéta téhnik atawa alat nu digunakeun pikeun ngukur kamampuh jeung kaparigelan nu dipimilik ku siswa. Ku kituna, tés tinulis anu dilaksanakeun dua kali, nyaéta *pretest* jeung *posttest*. Tes kamampuh awal dilaksanakeun pikeun ngukur kamampuh siswa dina nulis aksara Sunda saméméh ayana *treatment*, sedengkeun tés ahir dilaksanakeun pikeun ngukur kamampuh siswa dina nulis aksara Sunda sanggeus ayana *treatment*. Dina *pretest* jeung *posttest* siswa dibéré sababaraha kecap, kalimah, jeung wilangan anu kudu di tulis kana aksara Sunda.

Wasta :

No. Absen :

**Salin ieu kecap-kecap jeung wilangan di handap kana Aksara Sunda!**

1. Sampurasun :
2. Éstuning :
3. Boboko :
4. Tasikmalaya :
5. Peuyeum :
6. Nyarita :

7. Jalibreg	:
8. Cai tiis	:
9. Taun 2023	:
10. 21-06-2023	:
<b>Salin kalimah-kalimah ieu di handap kana aksara Sunda!</b>	
1. Bandung téh kota kembang :	
2. Hampang Birit :	
3. Poé sabtu bapa indit ka Sumedang :	
4. Rukun Iman aya 6 :	
5. 17-08-1945 mangrupa poé kamerdekaan :	

*Tabél 3.3*  
*Instrumén Panalungtikan*

### 3.6 Analisis Data

Analisis data nya éta kagiatan nu dilakukeun sanggeus kabéh hasil data bérés kakumpul. Téhnik analisis data miboga tujuan pikeun medar jawaban tina data anu geus dikumpulkeun. Data nu geus kakumpul tuluy dianalisis pikeun ngajawab hipotésis. Data anu bakal diolah jeung dianalisis téh ngawengku tina hasil *pre-test* jeung *post-test*. Ku kituna aya sababaraha tahap analisis dina ieu panalungtikan, di antarana saperti ieu di handap.

- 1) Mariksa tés kamampuh nulis aksara Sunda siswa hasil pretest jeung posttest, sarta nyirian nu salahna

Tabél Aspék nulis aksara Sunda

Aspék nu dinilai	Skor	Keterangan
1. Aksara Ngalagéna	20-25	Saluyu pisan (sakabéh penulisanana bener)
	15-20	Saluyu (penulisanna salah saeutik)
	10-15	Sedeng (sawaréh)

		penulisanna salah)
	5-10	Kurang saluyu (dina penulisanna loba kasalahan)
	0-5	Teu saluyu (sakabéh penulisanna salah)
2. Aksara Swara	20-25	Saluyu pisan (sakabéh penulisanana bener)
	15-20	Saluyu (penulisanna salah saeutik)
	10-15	Sedeng (sawaréh penulisanna salah)
	5-10	Kurang saluyu (dina penulisanna loba kasalahan)
	0-5	Teu saluyu (sakabéh penulisanna salah)
3. Rarangén	20-25	Saluyu pisan (sakabéh penulisanana bener)
	15-20	Saluyu (penulisanna salah saeutik)
	10-15	Sedeng (sawaréh penulisanna salah)
	5-10	Kurang saluyu (dina penulisanna loba kasalahan)
	0-5	Teu saluyu (sakabéh penulisanna salah)
4. Wilangan	20-25	Saluyu pisan (sakabéh penulisanana bener)
	15-20	Saluyu (penulisanna salah saeutik)
	10-15	Sedeng (sawaréh penulisanna salah)
	5-10	Kurang saluyu (dina penulisanna loba kasalahan)
	0-5	Teu saluyu (sakabéh penulisanna salah)
Jumlah	0-100	

(Diropéa tina Putri, 2019, kc. 30).

*Tabél 3.4*  
*Rubrik Penilaian Nulis aksara Sunda*

Katégori	Nilai	Indikator
Hadé pisan	81-100 (A)	Dina panulisan aksara Sunda geus sampurna jeung teu pati loba kasalahan anu matak ngaruksak harti tulisan boh dina nuliskeun aksara swara, ngalagéna, jeung wilangan.
Hadé	61-80 (B)	Dina nulis aksara Sunda geus hade, tapi masih kénéh kapanggih kakurangan dina nulis aksara Sunda boh dina aksara swara atawa ngalagéna nu matak ngarobah harti.
Cukup	41-60 (C)	Dina nulis aksara Sunda masih loba kasalahan anu bisa ngarobah kana harti jeung bisa ngaruksak ma'na, tapi siswa geus apal kana aksara swara jeung aksara ngalagena.
Kurang	21-40 (D)	Masih loba kasalahan dina nulis aksara Sunda. Siswa teu pati apal kana aksara Sunda, saperti aksara swara, ngalagéna atawa wilangan.
Kurang Pisan	0-20 (E)	Loba kasalahan dina nulis aksara Sunda. Siswa teu apal kana aksara Sunda, saperti aksara swara, ngalagéna atawa wilangan.

(Diropéa tina Putri, 2019, kc. 30).

*Tabél 3.5*  
*Format Peunteun Kamampuh Nulis aksara Sunda*

- 2) Méré skor atawa peunteun kana hasil tés awal jeung ahir siswa. Carana saperti ieu di handap

$$P = \frac{\sum B}{\sum KT} \times 100$$

Keterangan :



P = peunteun

$\sum B$  = peunteun anu kahontal

$\sum KT$  = peunteun maksimal

Katégori : peunteun  $\geq 70$  siswa dianggap mampu nulis aksara Sunda

peunteun  $\leq 70$  siswa dianggap can mampu nulis aksara Sunda

3) Ngasupkeun data peunteun tés awal jeung tés ahir kana tabél di handap ieu

Tabél data peunteun tés awal jeung tés ahir.

No	Peunteun Tés Awal					Peunteun Tés Ahir				
	A	B	C	D	Jumlah	A	B	C	D	Jumlah

### 3.6.1 Uji Sipat Data

Uji sipat data ngawengku uji normalitas pikeun mikanyaho normal henteuna hasil data, sarta ngalakukeun uji hipotésis. Ieu panalungtikan dianalisis ngagunakeun aplikasi *SPSS (Statistical Product and Service Solution)* versi 26.

### 3.6.2 Uji Normalitas

Uji normalitas miboga fungsi sangkan mikanyaho normal atawa henteuna data nu digunakeun dina ieu panalungtikan. Nurutkeun (Sujarweni 2007) uji normalitas miboga tujuan pikeun mikanyaho distribusi data dina variabel nu digunakeun dina panalungtikan. Ku kituna, aya sababaraha métode pikeun nguji normal atawa henteuna data, salasihijina nyaéta *Kolmogorov-smirnov* atawa *Shapiro Wilk*. Anapon hipotésis pikeun uji normalitas saperti ieu di handap.

H1 : distribusi data normal

Ho : distribusi data teu normal

Uji normalitas dina ieu panalungtikan dilakukeun ku cara uji *Shapiro-Wilk* ku sabab jumlah data unggal kelompok kurang ti 50, kalawan kritéria saperti ieu di handap.

H1 : ditarima, saupama nilai signifikan (sig)  $\geq 0,05$

Ho : ditarima, saupama nilai signifikan (sig)  $\leq 0,05$

### 3.6.3 Uji Hipotésis

Nurutkeun (Arikunto, 2013), hipotésis asalna tina kecap “*hipo*” nu hartina di handap, jeung “*tesis*” nu hartina bebeneran. Ku kituna, hipotésis nya éta dugaan nu can tangtu bebeneranana, bisa disebut bener lamun geus dirojong ku bukti-bukti anu geus diuji ngaliwatan proses panalungtikan. Dina uji hipotésis, aya dua cara nu bisa dipaké. Upama hasil uji normalitas nunjukeun hasil data anu distribusina normal, éta data diuji ngagunakeun *Statistic Parametic* kalawan ngagunakeun t-test. Sedengkeun hasil uji normalitas nunjukeun hasil data anu distribusina teu normal, éta data diuji hipotésisna ngagunakeun *Statistic non-parametic* kalawan ngagunakeun uji *Wilcoxon Match Pairs Test*.

Pikeun nangtukeun ditarima atawa henteuna hipotésis, dumasar kana kritéria saperti ieu di handap.

H<sub>0</sub> (Hipotésis nol) : Henteu aya béda anu signifikan kamampuh nulis aksara Sunda siswa antara saméméh jeung sabada digunakeun modél pangajaran *Explicit Instruction* dina pangajaran nulis aksara Sunda siswa kelas X-6 SMA Negeri 15 Bandung Taun Ajaran 2022/2023.

H<sub>1</sub> (Hipotésis alternatif) : Aya béda nu signifikan kamampuh nulis aksara Sunda siswa antara saméméh jeung sabada ngagunakeun modél pangajaran *Explicit Instruction* dina pangajaran nulis aksara Sunda siswa kelas X-6 SMA Negeri 15 Bandung Taun Ajaran 2022/2023.